*Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması*

# Kárxanalar hám shólkemler

*(fermer ha'm diyhan xojaliqlarinan basqa)*

**2018 jıl yanvar-iyul aylarinda**

**SANLAR:**

- Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń sanı **1910 g'a ósti**
- Háreketsiz kárxanalardıń ulesi **1,2 p.p** kemeydi.
- Saplastırılgan kárxanalarǵa salıstırǵanda tazadan dizimnen ótken kárxanalar **962 ge ósti.**

2018 jıldıń yanvar-iyun ayında Respublikada 1644 kárxanalar hám shólkemler jańadan ashıldı, bul ótken jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda 395 ke kóbirek.

Sonday-aq saplastırılgan kárxana hám shólkemlerdiń sanı ótken jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda 4,1 % ke kemeygen hámde olardıń sanı 682 ti quraǵanlıǵın kóriwimiz múmkin.

Sonıń nátiyjesinde usı jıldıń basına salıstırǵanda hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı 1910 ge (14,8 % ) ósken hám olardıń ulıwma sanı 14854 karxanani quradı.

Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń tiykarǵı úlesi Nókis qalasında (32,3 %), Tórtkúl rayonında (9,9%), Beruniy (8,3 %) hám Ámiwdárya (7,3 %) rayonların-da gúzetildi.

**Rayonlarlar kesiminde hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı**
(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa) birlikte



### *Dizimnen ótken hám hárekettegi kárxanalardıń rayonlar kesimindegi sanı hám úlesi*

*(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa,*
*2018 jıldıń 1 avgust jaǵdayına)*

| | Dizimnen ótken | | Hárekettegi | |
|---|---|---|---|---|
| | birlik | jamine salıstırǵanda % | birlik | jamine salıstırǵanda % |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | **15349** | **100,0** | **14854** | **100,0** |
| Nókis q. | 4918 | 32,0 | 4794 | 32,3 |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámudarya | 1117 | 7,3 | 1087 | 7,3 |
| Beruniy | 1270 | 8,3 | 1234 | 8,3 |
| Qanlıkól | 405 | 2,6 | 394 | 2,7 |
| Qaraózek | 440 | 2,9 | 438 | 2,9 |
| Kegeyli | 454 | 3,0 | 453 | 3,0 |
| Qońırat | 859 | 5,6 | 814 | 5,5 |
| Moynaq | 245 | 1,6 | 243 | 1,6 |
| Nókis | 636 | 4,1 | 617 | 4,2 |
| Taxyatash | 417 | 2,7 | 398 | 2,7 |
| Taxtakópir | 294 | 1,9 | 283 | 1,9 |
| Tórtkúl | 1568 | 10,2 | 1465 | 9,9 |
| Xojeli | 781 | 5,1 | 731 | 4,9 |
| Shımbay | 599 | 3,9 | 574 | 3,9 |
| Shomanay | 369 | 2,4 | 360 | 2,4 |
| Ellikqala | 977 | 6,4 | 969 | 6,5 |

**Kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanına hárekettegi hám háreketsiz kárxanalardıń úlesi,** % te




Kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanına salıstırǵanda hárekettegi kárxanalardıń úlesi 96,8 % ti, al háreketsiz kárxanalardıń úlesi 3,2 % ti quraǵanlıǵın kórsetpekte. Bul kórsetkish jıl basına salıstırǵanda 1,2 p.p kemeydi.

Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha jámi hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń ulıwma sanına salıstırǵanda sawdada 20,6 %, awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında 12,5 %, sanaatta 10,6 %, qurılısta 10,5 %, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 5,9 %, tasıw hám saqlawda 5,0 %, málimleme hám baylanısta, den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiwde 1,9 % hámde 31,1 % basqa xızmet túrlerine tuwrı keledi.

**Hárekettegi kárxanalardıń kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi,**
*(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa) % te*




***Dizimnen ótken hám hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń ósiu dinamikasi***
*(*fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa) birlikte



2018 jıl yanvar-iyulda 1644 kárxanalar hám shólkemlerdiń jańadan ashilǵan. Bul bolsa 2017 jıldıń usi dáuirine salıstırǵanda 31,6 % ke ko'p. Eń ko'p jańadan ashılǵan kárxanalar hám shólkemler Nókis qalasında (511 di), Tórtkú'l (145 di), Ámudarya (123 ni) hám Końırat (105 ni) quraǵan. Eń kem Kegeyli (41 ni), Moynaq (34 ni) hámde Taxtakópir (35 di) rayonlarında quraǵan.

**Aymaqlar boyınsha jańadan ashilǵan kárxanalar hám shólkemlerdiń sanı,** birlikte




Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde eń kóp awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında (252 di), saudada (278 ni), sanaatta (253 di), qurılısta (231 di) quraǵan. Eń kemi málimleme hám baylanısta (13 di), den saulıqtı saqlau hám sotciallıq xızmetlerde (31 di) qurag'an.

## Jańadan ashilg'an kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xızmet turleri kesimindegi sanı, birlikte




## Jańadan ashilg'an kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xızmet turleri boyınsha jıllar kesimindegi sanı, birlikte

| | 2017 yil yanvar-iyul ay-larina. | 2018 yil yanvar-iyul ay-larina. |
|---|---|---|
| **Jámi:** | **1249** | **1644** |
| awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında, | 290 | 252 |
| sanaatta | 281 | 253 |
| qurılısta | 150 | 231 |
| sawda | 204 | 278 |
| tasıw hám saqlaw | 43 | 55 |
| jasaw hám awqatlanıw boyınsha xız-metlerde | 95 | 97 |
| málimleme hám baylanıs | 26 | 13 |
| den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiw | 24 | 34 |
| basqa xızmet túrleri | 136 | 431 |

**Huquqıy túrleri klassifikatorı boyınsha hárekettegi kommertcialıq kárxanalardıń ulıuma sanı**

(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa).

2018 jıl 1 avgust jaǵdayına 11409 komertcialıq kárxanalar hám shólkemler xızmet kórsetip atırǵan bolıp, sonnan juuapkershiligi sheklengen jámiyetler - 7710 ti, jeke kárxanalar - 2811 dı, shańaraq kárxanalar - 566 ni, aktcianerlik jámiyeti - 32 ni hám basqalar - 290 di quraydi.








## Sırt el kapital qatnasındag'ı kárxanalar sanı

2018 jıl 1 avgust jagdayına hárekettegi sırt el kapital qatnasındağı kárxanalar sanı 97 di quraydı. Ótken jıldıń usi dauirine salıstırǵanda 24 ǵa yaǵnıy 32,9 % ke ósken. Sonday-aq Sırt el kapital qatnasındağı hárekettegi kárxanalardan 55 qospa kárxanalar, 42 bolsa sırt el kárxanaları esaplanadı.

**Shet el kapital qatnasındag'i kárxanalardıń ósiw dinamikası,** birlikte




**Háreket kórsetip túrg'an sırt el kapital qatnasındag'ı kárxanalar quramında qospa kárxanalar hám sırt el kárxanalardin sani,** birlikte








Shet el kapital qatnasındağı kárxanalardıń tiykarğı bólegi Nókis qalası 19 dan (20,4 %), Moynaq rayonında 10 den (10,3 %), Kegeyli rayonında 8 den (8,2 %), Qońırat, Taxiatash hám No'kis rayonlarında 7 den (7,2 %) úlesine tuwrı keledi. Eń kem shet el kapital qatnasındağı jańadan ashılğan kárxanalar Ellikqala rayonında 1 kárxanadan (1,1 %), Tórtkúl hám Shomanay rayonlarında 2 kárxanadan (2,1 %) úlesine tuwrı keledi. Bul bolsa usı rayonlarda shet el sherikleri menen birgelikte islesiwdi, investitsiyalardı tartıw barısında ámelge asırılıwı lazım bolğan jumıslardı jánede rawajlandırıwdı talap etedi.

**Háreket etip turğan sirt el kapital qatnasindag'i kárxanalardiń aymaqlar kesimindegi sanı,** birlikte




Egerde hárekettegi shet el kapital qatnasındağı kárxanalardı ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde qaraytuğin bolsaq 2018 jıl 1 avgust jağdayına bul mağlıwmatlardıń tiykarğı bólegi sanaatta 48 (49,5 %), awıl, toğay hám balıq xojalığı 26 (26,8 %), saw-dada 14 (14,4 %) qurağan, eń kemleri bolsa qurilista 3 (3,1%), den sawlıqtı saqlaw hám sotciyallıq xızmetler kórsetiwde 2 kárxananı (2,1%), tasiw hám saqlaw hámde jasaw hám awqatlanıw 1 kárxananı (1,0%) qurağan. Kórinip turğanınday hárekettegi shet el kapital qatınasındağı kárxanalardıń tiykarğı bólegi sanaat hámde awıl, toğay hám balıq xojalığı xızmet túrlerine tuwrı keledi. Sondayaq eń kem úlesi bolsa jasaw hám awqat-lanıw boyınsha xızmetlerde, den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmet turlerine tuwrı keledi.

**Háreketteği shet el kapital qatınasındag'ı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi,** % te




2018 jıl yanvar-iyul ayında shet el kapital qatnasındaǵı dizimnen ótken jańa kárxanalardıń sanı 18 di quraǵan. Bul kórsetkish ótken jıldıń usi dáuirine salıstırǵanda 11 ge kóbeygen hám 2,6 esege ósken.

Bunda, Qazaqıstan Respublikasında – 3 ge, Kitay Xalıq Respublikası – 3 ge, Rossiya Federatsiyası– 2 ge, Turkiya Respublikası hám Qubla Koreya Respublikası - 1 den hám basqa mámleketlerde 8 den jańadan kárxanalar dizimnen ótken.

**Jańadan ashılg'an sırt el kapital qatnasındag'ı kárxanalardıń ma'mleketler kesimindegi sani,** (yanvar-iyulga), birlikte






Jańadan ashılǵan sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet turleri boyınsha kóretuǵin bolsaq, awıl,toǵay hám balıq xojalıǵında 10, sanaatta 4, saudada 2, qurılısta hám den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetlerde 1 den sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalar jańadan ashılǵan.

**Jańadan ashılǵan sırt el kapital qatnasındag'ı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanı,** birlikte



## Kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı

2018 jıl 1 avgust jaǵdayına hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń sanı 11339 di quradi. Bul kórsetkish 2017 jıl 1 avgust jaǵdayına qaraǵanda 9,0 % ke asqan. Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń tiykarǵı bólegi Nókis qalasında - 3969 (35,0 %), Tórtkúl - 1220 (10,8 %), Beruniy - 973 (8,6 %) hámde Ellikqala - 721 (6,4 %) rayonları úlesine tuwra keledi.

**Kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı dinamikası,** birlikte




Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde hárekettegi 11339 kishi kárxana hám mikrofirmalardıń 3039 (26,8 %) - sawdada, 1804 (15,9 %) - awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı, 1554 (13,7 %) - qurılıs, 1525 (13,6 %) - sanaat, 868 (7,7 %) - jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawlarında, 737 (6,5 %) - tasıw hám saqlawda, 248 (2,2 %) - málimleme hám baylanıs tarawları, 196 (1,7 %) - den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler koʻrsetiwde, sonday-aq 1349 (11,9 %) - basqa xızmet túrlerı úlesine tuwrı keledi. Kórinip turǵaninday, hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń tiykarǵı bólegi sawda hám awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı xızmet túrlerine tuwrı keledi. Sonday-aq, eń kem úlesi bolsa den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler hámde málimleme hám baylanıs xızmet túrlerıne tuwrı keledi.

**Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulesi,** % te




2018 jil yanvar-iyulda 1298 kishi kárxana hám mikrofirmalar jańadan ashilǵan. Bul kórsetkish 2017 jıldıń usi dáuirine salıstırǵanda 8,9 % ǵe ko'p. Eń kóp jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar Nókis qalasında (442), Tórtkúlde rayonında (126), Ámudarya rayonında (107 dan) hám Qońırat rayonlarında (80) ashılǵan. Eń kem Taxtakópir rayoninda (21), Moynaq hám Kegeyli (29 ga) rayonlarında ashılǵan.

Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde bolsa eń kóbi awil, toǵay hám baliq xojaliǵinda (252), saudada (232), sanaatta (253) hám qurilista (231) quraǵan. Eń kemi bolsa málimleme hám baylanısta (13), den saulıqti saqlau hám sotciallıq xızmetlerde (33) quraǵan.

## Jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri kesimindegi ulesi, % te






## Shańaraq kárxanalari sanı

Mámleketlik dizimnen ótken yuridikalıq shańaraq kárxanalardin sanı - 2018 jıldıń 1 avgust jag'dayına 591 kárxana hám shólkemlerdi qurap, olardan 566 yamasa 95,8 % háreket kórsetpekte. Bul kórsetkish ótken jıldıń usi dáwirine salıstırǵanda mámleketlik dizimnen ótkenlerdiń hámde háreketteggilerdiń ulıwma sanı ortasha 17,3 % ke óskenligin aytıp ótiw lazım.

**Shańaraq kárxanalar sanınıń ósiw dinamikası,** birlikte






Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde qaraytuǵin bolsaq shańaraq kárxanalardıń 30,6 % yamasa 173 jasaw hám awqatlanıw xızmetleri, 26,1 % yamasa 148 kárxana sanaatta, 22,2 % yamasa 126 sawdada, 7,6 % yamasa 43 awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı, 1,6 % yamasa 9 málimleme hám baylanıs, 2,1 % yamasa 12 sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiw, 0,7 % yamasa 4 qurılıs, 0,4 % yamasa 2 tasıw hám saqlaw hámde 8,7 % yamasa 49 kárxana basqa xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

**Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi,** % te









**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Statistika basqarması**
**Statistik registrlardı juritiw bólimi**
Nusqa ushın juwapker: **Z.Qalmuratova**
*(0371) 230-82-23*

**Kárxanalar hám shólkemlerdiń birden-bir mámleketlik registri (KTYDR) maǵlıwmatları tiykarında tayarlanǵan**